

## **BAB 1**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Gambaran ngeunaan kahirupan manusa jeung alam sabudeureunna bisa diébréhkeun ngaliwatan karya sastra. Karya sastra mangrupa bagéan penting nu teu bisa lepas tina kahirupan barudak, sarta raket patalina jeung kahirupan anu aya di sabudeureun masarakat. Nurutkeun Isnendes, C.R. (2010, kc. 5) sastra salaku pangwangun ajén kamanusaan/humaniora. Lantaran ngan manusa nu mibanda rasa linuhung, minangka hiji mahluk nu diciptakeun ku Pangéran dibarengan ku budi jeung akal. Pilsuf Polandia, Roman Ingarden (dina Isnendes, C.R., 2010, kc. 15) nétélakeun dina sastra aya anu disebut kualitas métaphysique minangka bahan teleban/kontémplasi kana ajén-ajén kamanusaan.

Kinayanti (dina Sukma, 2016, kc. 2) nandeskeun yén karya sastra miboga pasualan-pasualan anu raket patalina jeung pangajaran tur atikan di sakola. Pasualan anu sering karandapan nya éta pangajaran anu leuwih ngutamakeun ngeunaan pangajaran éksakta tinimbang pangajaran élmu sosial jeung élmu kamanusaan. Pasualan lianna nya éta guru dianggap kurang kréatif dina prosés pangajaran sastra nu ngabalukarkeun kana kurangna minat diajar siswa (dina Trianto, 2008, kc. 4)

Hasil panalungtikan Yunus nétélakeun tiori sastra umumna ngajéntrékeun ka para pamaca ngeunaan karya sastra minangka seni anu ngagunakeun basa dina médiumna. (dina Isnendes, C.R., 2010, kc. 4-5) nétélakeun yén karya sastra leuwih nyoko kana karya tinulis jeung lisan anu bahan bakuna (média ciptana) basa anu has, pinuh ku ambiguitas, homonim, mibanda katégori-katégori tan aturan, acak, teu rasional, jeung pinuh ku assosiasi.

Karya sastra Sunda nu sumebar ngaliwatan tulisan salasahijina nya éta novel. Altenbernd jeung Lewis (dina Isnendes, C.R., 2010, kc. 25) nétélakeun yén novel asup kana prosa fiksi atawa rékaan. Fiksi nya éta prosa naratif anu wanguetta imajinatif tapi alur carita jeung eusina masih kénéh kaharti ku akal. Nurutkeun

Iskandarwassid (1996, kc. 93) novel bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, leuwih lega ngadéskripsikeun latar, jeung ngahirupkeun karakterna. Ku kituna dina novel nyangkaruk ajén-ajén anu raket patalina jeung kahirupan sapopoé salasahijina ajén étika.

Novel *Abu Nawas Saémbara* karya Rachmat. M. Sas Karana tinangtu miboga ajén-ajén anu nyampak dina kahirupan sapopoé, salasahijina ajén étika. Nurutkeun Bertents (2004, kc. 4) étika asalna tina basa Yunani Kuno nya éta *ethos* anu hartina adat, kabiasaan atawa pola pikir. Suryalaga (1993, kc. 9) nétélakeun yén étika téh élmu nu nalungtik mana nu hadé jeung mana nu goréng katut mana nu bener sarta mana nu salah tina paripolah manusia. Ku kituna étika leuwih nyindekel kana sawangan filsafat, norma, jeung ajén-ajén, lain kana prak-prakan hirup kumbuh sapopoé. Étika diwincik jadi sababaraha wanda nya éta aya étika téologis (réligi), étika filosofis, jeung, étika sosial.

Pamarekan sastra anu bisa digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun maluruh objék nu ditalungtik nya éta pamarekan objéktif jeung mimétik. Abrams (dina Isnendes, C.R., Narudin., 2018, kc. 7) nétélakeun yén aya opat pamarekan sastra anu bisa digunakeun dina kajian sastra. Kahiji, aya pamarekan objéktif anu nyoko kana karyana, kadua aya pamarekan éskprésif anu nyoko ka panulis, katilu aya pamarekan pragmatif anu nyoko ka pamaca, jeung kaopat aya pamarekan mimétik anu matalikeun karya sastra jeung kaayaan alam sabudeureunna. Dina ieu panalungtikan téh ngan ngaguar ngeunaan pamarekan objéktif jeung mimétik. Sabab nilik kana waktu leuwih loba objék anu bisa dianalisis maké pamarekan objéktif jeung mimétik. Pamarekan objéktif nya éta karya sastra dianggap mandiri atawa otonom. Ku sabab kitu, ieu pamarekan diarahkeun kana unsur intrinsik anu dina ieu tiori disebut pamarekan objéktif. Pamarekan mimétik nya éta pamarekan nu matalikeun eusi karya satra jeung bebeneran dina kahirupan nyata anu nyebutkeun yén karya sastra ngeunteung dina kajadian nyata nu digambarkeun jeung dipatalikeun kana pasualan dina kahirupan masarakat.

Riska Ikrimah, 2020

**AJEN ETIKA DINA NOVEL ABUNAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS KARANA**

(Ulikan Objektif Mimetik)

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nya éta anu dilakukeun ku Titin Kurniatin (2002) anu medar ngeunaan “Unsur-unsur étika dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*”. Hasil tina ieu panalungtikan lolobana medar ngeunaan étika téologis (réligius) jeung étika sosial anu aya dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*. Panalungtikan séjén anu ngaguar ngeunaan ajén étika nya éta panalungtikan anu dilakukeun ku Iwan Setiawan (1999) anu ngulik ngeunaan ”Karakter palaku utama dina novel *Sunda Jaman Kiwari* disawang tina étika Sunda”. Ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén-ajén étika nya éta étika téologis (réligius), étika filosofis, jeung étika sosial anu nyampak dina novel *Sunda Jaman Kiwari*.

Panalungtikan ngeunaan ajén étika dina karya sastra kawilang jarang kénéh. Kacatet di Jurusan Pendidikan Basa Sunda ti taun 1977-2019 ngan aya dua data nu nganalisis ngeunaan ajén étika, lolobana mah ngulik ngeunaan ajén moral. Kacatet ti taun 1977-2019 aya sapuluh leuwih anu medar ngeunaan ajén moral dina hiji karya sastra. Panalungtikan saméméhna ngeunaan ajén étika nya éta panalungtikan anu dilakukeun ku Titin Kurniatin (2002) anu medar ngeunaan “Unsur-unsur étika dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*” jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Iwan Setiawan (1999) anu ngulik ngeunaan ”Karakter palaku utama dina novel *Sunda Jaman Kiwari* disawang tina étika Sunda”.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Titin Kurniatin (2002) jeung ku Iwan Setiawan (1999) nya éta sarua medar ngeunaan ajén étika anu nyampak dina hiji karya sastra. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta tina karya sastra anu dianalisis jeung pamarekan sastra anu dipaké. Dina panalungtikan anu dilakukeun ku Titin Kurniatin karya sastra anu diguar nya éta wangun naskah, jeung ngan ngaguar ngeunaan ajén étikana hungkul. Sedengkeun panalungtikan anu dilakukeun ku Iwan Setiawan (1999) ngan ngaguar ngeunaan karakteristik jeung ajén étika anu nyampak dina novel *Sunda Jaman Kiwari*.

Nilik tina sababaraha pasualan anu geus diébréhkeun di luhur, tangtu dina ieu panalungtikan miboga sababaraha udagan. Analisis ajén étika tina novel *Abu Nawas Saémbara* karya Rachmat. M. Sas Karana dipiharep bisa jadi eunteung kahirupan pikeun barudak atawa pamaca kana hal anu aya patalina jeung paripolah manusa sapopoé. Nganalisis novel ngagunakeun ulikan objéktif anu ngulik unsur intrinsik tina karya sastra, jeung nganalisis novel ngagunakeun ulikan mimétik pikeun ningalikeun sababaraha gambaran kahirupan anu digambarkeun dina karya sastra.

Sanajan geus aya nu nalungtik ngeunaan struktur jeung ajén anu nyampak dina novel, panalungtikan ieu mah tiori jeung analisisna bédha. Can aya panalungtikan anu ngaguar ajén étika dina karya sastra novel *Abu Nawas Saémbara* ngagunakeun ulikan objéktif jeung mimétik. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan "Ajén Éтика dina Novel *Abu Nawas Saémbara* Karya Rachmat M. Sas Karana (Ulikan Objéktif jeung Mimétik).

## 2.1 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha patalékan nu patali jeung ieu panalungtikan. Anapon ieu di handap dirumuskeun masalah nu ditalungtik.

- a. Kumaha ulikan objéktif dina novel *Abu Nawas saémbara*?
- b. Kumaha ulikan mimetic dina novel *Abu Nawas Saémbara*?
- c. Aya ajén étika naon waé nu nyampak dina novel *Abu Nawas Saémbara*?

## 3.1 Tujuan Panalungtikan

### 3.1.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsiéun jeung nambahán kajian dina widang sastra utamana anu ngulik maké ulikan objéktif jeung mimétik, sarta medar ngeunaan ajén étika nu nyamuni dina novel budak nu hayang ditepikeun ka pamaca.

### **3.1.2 Tujuan Husus**

- a. Pikeun nganalisis unsur instrinsik ngaliwatan ulikan objéktif jeung nganalisis karya sastra salaku (tiruan) anu disebut mimétik.
- b. Pikeun ngadéskripsikeun sababaraha ajén étika nu nyampak dina novel *Abu Nawas Saémbara* Karya Rachmat. M. Sas. Karana.

## **4.1 Mangpaat Panalungtikan**

### **4.1.1 Mangpaat Téoritis**

- a. Ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban paélmuan dina widang sastra keur barudak ku cara medar ajén étika nu nyamuni dina novel *Abu Nawas Saémbara* karya Rachmat. M. Sas. Karana.
- b. Ieu panalungtikan bisa ngabeungharan pangaweruh dina widang sastra Sunda utamana dina ulikan objéktif jeung mimétik.

### **4.1.2 Mangpaat Praktis**

- a. Pikeun panalungtik, ngajembaran bahan ajar jeung pangalaman dina prosés panalungtikan sastra utamana dina karya sastra wangun novel.
- b. Pikeun masarakat atawa pamaca, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna dina novel *Abu Nawas Saémbara* karya Rachmat. M. Sas. Karana. Lian ti éta, bisa ngaronjatkeun kahayang jeung karesep masarakat kana maca karya sastra hususna bacaan pikeun budak.

### **4.1.3 Mangpaat pikeun Kawijakan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudang kasadaran masarakat sangkan leuwih méré panitén sarta ngajaga kabeungharan basa jeung budaya daerah, hususna widang sastra.

#### **4.1.4 Mangpaat pikeun Isu sastra Aksi Sosial**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan novel sacara ringkes, sarta jadi motivasi pikeun saha waé nu hayang leuwih apal kana ulikan objéktif, mimétik, jeung ajén étika nu nyampak dina novel.

#### **5.1 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi ngawengku lima bab nya éta saperti ieu di handap.

Bab I, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung medar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II, eusina ngawengku tiori-tiori anu aya patalina jeung panalungtikan. Sawatara tiori anu dipedar di antarana aya novel, ajén étika, pamarekan objéktif, jeung pamarekan mimétik. Ajén étika ngawengku ajén filosofis, ajén téologis (réligius), jeung ajén sosial.

Bab III, medar ngeunaan métodeu anu dipaké dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV, ngadadarkeun hasil panalungtikan sacara gembleng.

Bab V, ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.